

Achmad Taufiq Kusuma Wardhana, Surana

Pendhidhikan Basa Lan Sastra Jawa, Universitas Negeri Surabaya, Indonesia

achmadtaufiqkusuma@gmail.com , surana@unesa.ac.id

Abstrak

Haul Mbah Janten minangka salah sawijining tradhisi sing ana ing Kabupaten Sidoarjo, mligine ing Desa Becirongengor, Kecamatan Wonoayu. Tradhisi haul iki kalebu folklor setengah lisan sing asring dilakoni dening masarakat Desa Becirongengor. Tradhisi iki dianakake dening warga minangka wujud rasa kurmat marang sesepuh sing mbabad alas desa kasebut. Ora mung iku, sesepuh iku uga wulang ilmu-ilmu agama Islam sing nganti saiki isih dipigunakake ing sabendinane masyarakat Desa Becirongengor. Underan Panliten ing panaliten iki yaiku: kepriye mula bukane, wujud lan makna ing tradhisi haul iki, lan apa fungsine tradhisi haul kasebut. Konsep sing digunakake ing panaliten iki yaiku konsep masyarakat Surabaya sub-Sidoarjo, konsep kabudayan Jawa, konsep folklor setengah lisan, konsep tradhisi Jawa, konsep makna, lan pungkasane konsep fungsi. Saliyane iku, panaliten iki uga nduweni tujuwan, yaiku: sing kapisan, supaya panaliten iki sing ngangkat judhul Haul Mbah Janten bisa nambah wawasan kanggo sing maca, sing kapindo, supaya skripsi iki bisa njlentrehake lan nerangake babagan tradhisi Haul Mbah Janten kanthi tinjauan folklor. Metode sing digunakake ing panaliten iki yaiku deskriptif kualitatif. Sumber data sing digunakake yaiku sumber data primer lan sumber data sekunder. Teknik nglumpukake data sing dienggo sajroning panliten iki yaiku wawancara lan dokumentasi.

Rangkaian acara ing tradhisi Haul Mbah Janten iki diperang dadi telung bageyan. Sing pisanan yaiku titi siyaga, kagiyatan sajroning titi siyaga yaiku mbentuk panitia, nyiapake piranti sing dibutuhake, lan syarat-syarat kanggo warga nalika acara haul. Sing kapindo yaiku titi laksana, kagiyatan sajroning titi laksana yaiku maca Al-Qur'an saka juz 1 nganti juz 30, sambutan saka ketua panitia lan kepala desa, ngirim doa, lan tahlilan. Sing katelu yaiku titi wasana, yaiku kegiatan pungkasan ing acara haul iki yaiku mangan bareng lan resik-resik. Saliyane iku, ing haul iki uga dibutuhake ubarampe sing kudu ana, yaiku sesaji, berkat, tumpeng, lan jajan pasar. Tradhisi Haul Mbah Janten iki uga

Article History

Received: Juli 2025

Reviewed: Juli 2025

Published: Juli 2025

Plagiarism Checker: No 235

Prefix DOI :

[10.8734/Argopuro.v1i2.365](https://doi.org/10.8734/Argopuro.v1i2.365)

Copyright : Author

Publish by : Argopuro



This work is licensed under a [Creative Commons Attribution-NonCommercial 4.0 International License](https://creativecommons.org/licenses/by-nc/4.0/)

nduwe fungsi sing migunani, kayata minangka sistem proyeksi, pengesahan budaya, sarana pendhidhikan, sarana kanggo netepake norma masyarakat lan taksih katah fungsi liyane. Mulane, anane tradhisi Haul Mbah Janten iki banget migunani kanggo masyarakat lan generasi sing bakal teka, amarga nuduhake mula bukane desa sing dienggoni lan kahanan masyarakat saiki amarga Mbah Janten lan kulawargané ing jaman biyèn.

Tembung Wigati : Tradhisi Haul, Tintingan Folklor, Mbah Janten

PURWAKA

Kabudayan Jawa yaiku sakabehe jinis kabudayan kang manggon sajroning tlatah Jawa lan isih kalebu ing wewengkon kabudayan Jawa. Koentjaraningrat (1994:25) merang kabudayan Jawa dadi pirang-pirang sub-kabudayan, yaiku Negariagung, Pesisir Kulon, Pesisir Wetan, Mancanegari, Tanah Sabrang Wetan, lan Madura. Dideleng saka panthan sub-kabudayan Jawa Kabupaten Sidoarjo kalebu ing sub-kabudayan Jawa Tanah Sabrang Wetan, amarga manggon ing sisih wetane Kali Brantas. Miturut dhata resmi statistik lan geografi pamarentah Kabupaten Sidoarjo yaiku tlatah kang dicepit rong kali gedhe yaiku Kali Mas lan Kali Porong, saengga kondhang kanthi aran Kutha Delta. Awitane Kabupaten Sidoarjo kalebu bageyan saka Kutha Surabaya. Ing taun 1859, kaputusan saka pamarentah Hindia Belanda merang dhaerah Surabaya dadi loro, yaiku Kabupaten Surabaya lan Sidokare kang saiki dadi Sidoarjo. Budaya sing ana ing Sidoarjo yaiku maneka warna tuladhane seni, tradhisi, lan ritual masyarakat. Tradhisi haul menika nduweni makna-makna tartamtu sing bisa dideleng ing masyarakat kayata gotong royong supayaadicara lancar, pasugatan ing saben adicara bisa narik kawigaten masyarakat, ngajeni marang sesepuh sing dipercaya menehi rezeki marang masyarakat desa.

Budaya ing Sidoarjo sing dirembuk yaiku haul, Miturut Amin (2020:2) haul yaiku kagiyatan kanggo ngurmati para paraga tantamtu bisa awujud pitung dinan, 40 dinan, 100 dinan, 1000 dinan, lan sing pungkasan awujud haul. Tradhisi kanggo meneti matine wong tartamtu kang dianggep suci lan menehi pangaribawa tumrap kelompok tartamtu. Haul biyasane dileksanani sataun sepisan ing dina tartamtu utawa ing sasi sura. Pawongan tartamtu kasebut biyasane leluhur sawijine dhaerah utawa kelompok, kyai, lan pawongan biyen. Haul dipercaya dadi sarana sesambungane awakdhewe kanggo ngurmati leluhur sing wis mati kanthi nggelar acara slametan utawa pengajian lan tata laku liyane. Kaya dene haul sing ana ing Desa Becirongengor iki, kagiyatan kasebut meneti matine wong sing babad alas lan wis dileksanani pirang-pirang taun suwene. Haul Mbah Janten iki kalaksanan setaun sepisan ing sasi sura dina Kemis pon wengi Jumuwal wage. Para warga percaya yen haul iku dadi sarana sesambungane pawongan saiki karo leluhur sing wis suwe ora ngerti wujude, sajroning haul iki tata lakune ana maca kitab, lan donga-donga sing becik kanggo pawongan kasebut supaya oleh panggonan sing sae lan dosane dingapurani marang Pangeran.

Haul Mbah Janten yaiku haul sing dileksanakake kanggo meneti patine minangka sesepuh utawa leluhur desa Becirongengor, sing wis nduweni jasa lan pangaribawa sing gedhe tumrap masyarakat desa. Haul Mbah Janten iki taksih padha kaya lumraahe, dileksanakake sabentaun mliline dina Kemis pon wengi Jumuwal wage. Kabudayan haul bisa dadi sawijining kabudayan lokan sing kalebu jinis folklor, mliline folklore setengah lisan. Tradhisi utawa adat istiadat kang ana wiwit jaman biyen lan dadi pakulinan tumrap masyarakat desa. Tata laku tradhisi haul kang nduweni nilai budaya lan agama sing dhuwur amarga masyarakat desa isa

sesambunganJawa antarane kapitalan lan ajaran agama Islam supados sampurna. Kabudayan arupa tradhisi iki, isih tetep ana lan tansah ngrembaka tumeka saiki ing tengahne bebrayan masyarakat. Miturut Danandjaja (2002:22) folklor setengah lesan nduweni wujud campuran saka lesan lan dudu lesan, wujud folklor saka jenis iki antarane yaiku: kapitayan tradhisional, adat istiadat, dolanan rakyat, drama rakyat, pesta rakyat, lsp. Kabudayan arupa tradhisi iki, isih tetep ana lan tansah ngrembaka tumeka saiki ing tengahne bebrayan masyarakat. Adhedasar saka panjlentrehan katrangan kasebut, mula panliten iki bakal ngonceki luwih jeru lan luwihsidaor cetha ngenani salah sawijine kabudayan Jawa yaiku Tradhisi Haul Mbah Janten Kabupaten Sidoarjo tumrap masyarakat Desa Becirongengor. Panliten Tradhisi Haul Mbah Janten Kabupaten Sidoarjo bakal dionceki lan dikaji luwih jeru lan luwih cetha migunakake kajian folklor.

Tradhisi Haul Mbah Janten ing Dusun Beciro Desa Becirongengor Kecamatan Wonoayu Kabupaten Sidoarjo. kuwi kalebu folklor setengah lesan amerga wujude kapitayan kang dipercaya dening masyarakat, adat istiadat, slametan uga upacara kang ditindakake dening masyarakat Desa Becirongengor. Tradhisi Haul kasebut ngandut rong unsur yaiku unsur lesan lan unsur dudu lesan. Unsur lesan saka tradhisi Haul menika wonten anane wacan donga kayata yasinan lan wacan tahlil, ceramah, sholawat nabi kang ngiringi tradhisi kasebut. Dene unsur dudu lesan yaiku anane ubarampe lan tata laku saka tradhisi kasebut. Tradhisi kasebut minangka tradhisi kang diturunake lan dileksanani saben taun, kang ana gagayutane karo masyarakat Desa Becirongengor. Tradhisi kasebut dileksanani kanthi tujuan ngurmati, ngajeni, lan ngeling-eling pawongan kang dipercaya mbabad alas ing Desa Becirongengor, saka tradhisi kuwi mujudake rasa sokur dhateng Gusthi Allah SWT kanggo sakabehing asil sing ana ing Desa Becirongengor, lan ndendonga kanthi pangajab. Anane Tradhisi Haul ing Desa Becirongengor Kabupaten Sidoarjo nduweni daya pangaribawa kanggo masyarakat sakupenge, mligine masyarakat desa kunu dhewe. Tradhisi iki deleksanani ing dhaerah Kecamatan Wonoayu mligine ing Desa Becirongengor lan disengkuyung tumrap masyarakat sakupenge. Papan panggonan kango nganakake tradhisi haul kang dipercaya minangka papan panggonan kang dipercaya papan panggonan kang sakral.

Adhedhasar panjlentreh ing ndhuwur, nuduhake yen panliti iki kepingin ndudhah ngenani Tradhisi Haul Mbah Janten ing Dusun Beciro Desa Becirongengor Kecamatan Wonoayu Kabupaten Sidoarjo kanthi jangkep. Tradhisi iki uga narik kawigaten kanggo ndadekake objek panliten. Sajroning panliten iki bakal njlentrehake kanthi gamblang lan cetha ngenani Tradhisi Haul Mbah Janten ing Dusun Beciro Desa Becirongengor Kecamatan Wonoayu Kabupaten Sidoarjo saka wiwit nganti pungkasan.

METODE PANLITEN

Methode sing gathuk kanggo panliten iki lan kudu slaras jalaran saka methode sing trep bisa ngasilake panliten kang bisa ditanggelake. Panliten kang nduweni irah-irahan Tradhisi Haul Mbah Janten ing Dusun Beciro, Desa Becirongengor, Kecamatan Wonoayu, Kabupaten Sidoarjo (tintingan folklore) kalebu panliten kang di tliti ing lapangan. Saengga metodhr kang digunakake kudu nduweni gegayutan marang panliten sing arep dileksanani. Metodhe kang digunakake yaiku metodhe panlitian kualitatif yaiku panliten kang digunakake nduweni sipat dheskriptif. Miturut Max Weber Mulyadi dkk (2019:47) Max Weber nduweni landesan pamikiran sajrone panliten kualitatif yaiku sing ngandharake subjek panliten sosiologi dudu gejala-gejala sosial, nanging sajrone makna-makna kinandut marang tindak tanduk manungsa sing nyengkuyung kedadean gejala-gejala sosial kasebut ana.

Ana telung ahli sing nduweni panemu ngenani metodhe panliten kualitatif. Panemu kang kapisan yaiku Denzin lan Lincoln sajrone Anggito lan Setiawan (2018:7) ngandharake penelitian kualitatif kasebut yaiku penelitian gunakake objek alamiah sing nduweni maksut njlentrehake kedadeyan. panemu kang kapindo yaiku Erikson sajrone Anggito lan Setiawan (2018:7) ngandharake panliten kang gunakake metodhe kualitatif kasebut yaiku kudu usaha kanggo nemokake lan nggamblangake kanthi cara naratif, kagiyatan sing dilakoni lan dampak

saka tindak tanduk manungsa sing ditindakake marang uripe masyarakat sakupenge. Methode kualitatif kasebut metodhe kang nyatet nganggo cara njingleng lan tliti sakabehing kahanan kang dideleng, dirungu, lan diwaca nalika wawancara, cathetan lapangan, dokumen arupa foto, vidheo, lan dokumen liyane Sudikan (2001:85).

Adhedhasar andharan kasebut bisa dimangertenih sajroning panliten tradhisi iki nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif, sing isine saka panliten iki nggambareke panliten sing cekak lan masalah sing wis ana ditulis sajroning panliten kasebut. Panliti miwiti andharan kang ana ing bageyan dhaptar pitakonan menyang informan, sawise ngrungokake apa wae sing dadi andharan informan kanthi srana nyathet dhata kang gathuk karo underan panliten. Miturut Moleong (2019:4) ngandharake kang jarwanepanliten kualitatif nduweni tata aturan kanggo panliten supaya bisa ngasilake dhata dheskriptif sing awujud omongan lesan teka wong-wong lan tindak tanduk sing bisa dideleng. Panliten kualitatif iku dilakoni iku dilakoni kanthi methode dheskriptif. Miturut Moleong (2019:11) ngandharake kang jarwane, metode deskriptif yaiku cara ngumpulake data sing arupa tembung-tembung, gambaran lan dudu angka-angka, mula laporan panliten dadi kutipan - kutipan data kanggo menehi gambaran laporan sing mesthi. Sajrone ing panliten kang bakal ditindakake, ngandharake yen setting panliten diperang dadi telu yaiku paraga, papan, lan kagiyatan. Setting paraga tegese masyarakat dhaerah sing ndadekake panliten uga paraga budaya kang isih aktip. Setting papan tegese papan utawa pangoongan budaya sing kalaksanan. Setting kagiyatan yaiku kedadeyan sing dumadi ana ing uripe masyarakat kanthi natural utawa alami.

Objek panliten sajrone panliten iki mligine yaiku Tradhisi Haul ing Pesareyan Mbah Janten, tegese objek paliten kasebut mlebu ing setting kagiyatan. Miturut Endraswara (2022:205) setting kagiyatan kudu nggatekake tanggal amarga ora kabeh tradhisi dileksanani saben dina. Tegese panliti kudu nggolek informasi ngenani tradhisi kasebut dileksanani marang pawongan kang luwih ngerti babgan tradhisi iki. Saengga panliti bisa nindhakake kanthi lancar tanpa ana alangan lan resiko tradhisi kuwi kalitwat. Objek kang dipilih kalebu ing folklor setengah lesan amarga ana bab lesan lan dudu lesan sajroning tradhisi Haul ing Pesareyan Mbah Janten. Sajroning panliten kudu cetha kanthi nyata ngenai babagan kang arep dirembuk sajroning panliten. Babagan kasebut bisa diarani objek amerga dadi punjer utawa bab kang wigati ing sajroning panliten amarga bakale dadi pokok panliten. Objek kang dijupuk kanggo ditliti kudu isih ngrambahka uga lumaku ing sajroning masyarakat, lan objek kang bakale ditliti uga kudu cundhuk kari tintingan sing digunakake. Babagan kasebut nduweni gegayutan marang metodhe panliten kang bakal digawe yaiku metodhe dheskriptif kualitatif. Ing ngendi metodhe iki andhedhasar babagan fakta utawa kasunyatan ngenani objek kasebut bene-bener ana orane ing kahuripane masyarakat. Saliyane iku panliti uga kudu melu nyemplung kanggo nliti kanthi jeru objek kasebut. Mula saka iku wigati banget kanggo golek objek panliten sing isih ana supaya dhata sing diolehi nyata apa anane ora asil saka rekadata.

Objek kang digunakake sajrone panliten iki yaiku Tradhisi Haul ing Pesareyan Mbah Janten. Objek iki dipilih Amarga kalebu folklor setengah lesan kang ana sesambungane karo tintingan sing digunakake. Tradhisi kasebut wis ngrembaka ing uripe masyarakat desa Amarga diturunake uga diwulangake saka sesepuh utawa leluhur marang generasi sak banjure kayata awakdhewe ngene iki. Ing Tradhisi Haul Mbah Janten iki isih dilestarekake uga digigi dening masyarakat sakupenge utamane masyarakat kabupaten Sidoarjo mligine Desa Becirongengor. Mula saka kuwi objek iki dadi punjere panliten kualitatif kanthi tintingan foklor.

Teknik ngumpulake dhata ngrembuk babagan tahap-tahap kang digunakake kanggo jupuk dhata ing lapangan sing bakale dibutuhake karo panliti. Ing panliten iki kang migunakake metodhe kualitatif sajroning nglumpukake dhata bisa awujud asli, ateges manut marang kahanan alamiah uga migunakake sumber dhata primer. Sumber dhata kang dibutuhake langusng diwenehake dening panliti. Sajroning panliti nglumpukake dhata isa nggunakake macem-macem jenis kang kaya diandharake Creswell sajrone Mulyadi, S., dkk (2019:211) panliten kang migunakake teori kualitatif ana papat teknik nglumpukake dhata yaiku:

- 1) Wawancara
- 2) Observasi
- 3) Dhokumentasi
- 4) Piranti audiovisual

Jinis-jinis ing dhuwur kasebut bakal digunakake ing panlitien Tradhisi Haul Mbah Janten Desa Becirongengor, Kecamatan Wonoayu, Kabupaten Sidoarjo kanggo nglumpukake dhata panlitien. Dhata sing dikumpulake gunakake teknik wawancara yaiku menehi pitakonan marang warga Desa kang ana ing sakupenge pesareyan uga prangkat Desa Becirongengor, Kecamatan Wonoayu, Kabupaten Sidoarjo lan juru kunci saka Pesareyan Mbah Janten. Banjur observasi yaiku panliti mudhun langsung ing lapangan kanggo ngamati lumakune tradhisi kang ana ing Desa Becirongengor, Kecamatan Wonoayu, Kabupaten Sidoarjo. Sawise iku ana materi-materi audiovisual yaiku digunakake kanggo ngolehake foto saka Tradhisi Haul ing Pesareyan Mbah Janten. Sing pungkasan ana dhokumen- dhokumen yaiku digunakake kanggo ngolehake dhata kang asipat saka Prangkat Desa Becirongengor lan Kepala Desa Becirongengor.

Keabsahan dhata minangka standart kabeneran ngenani dhata asil panlitien teka salah utawa benere kang difokusake ing informasi kang diolehi. Keabsahan dhata dadi salah sawijine babagan kang dibutuhake kanggo asil panlitien supaya dhata sing diolehi saka informasi bisa divalidasi. Sajroning dhata kang wis oleh saka informan ora isa langsung pastekake keabsahane, kudu ngakokake ngoreksi dhasar saka dhata saka informan mau. Miturut Mekarisce (2020) ana papat macem kriteria sing digawe yaiku kapitayan (*credibility*), pepindahan (*transferability*), sesambungan (*dependability*), mastekake (*confirmability*).

1) Kapitayan (*credibility*) miturut Mekarisce (2020) yaiku sajroning panlitien kualitatif kapitayan iki kasebut validasi internal. Panlitien kulitatif yaiku panlitien sing dhatane isa dipastekake keasliané yen ana sing padha antarane apa sing dilapurake dening panliti karo kedadean objek yang ditliti. Uji kapitayan (*credibility*) data panlitien kualitatif ana maneka warna cara yaiku pengamatan sing sui, ketekunan, triagulasi, analisis kasus negatif, migunakake refrensi, member check.

2) Pepindahan (*transferability*) miturut Moleong (2019:324) yaiku sajroning panlitien kualitatif pepindahan kalebu validasi eksternal sing ana gegayutane karo konsep generalisasi dhata. Generalisasi dhata yaiku salasawijine penemuan sing lumaku utawa ditrepake saka sakabehane konteks sajrone populasi tartamtu, saka kunu mau isa oleh dhata representatif sing makili populasi kasebut.

3) Sesambungan (*dependability*) miturut Moleong (2019:325) yaiku sajroning panlitien kualitatif dibabarake ngenani sesambungan iki nalika panliti ngadakake relpika studi sing kalaksanan kaping pindo utawa luwih ning kondisi tartamtu lan asile padha, dadi isa disimpulna yen Sesambungan (*dependability*) kawujud.

4) Mastekake (*confirmability*) miturut Moleong (2019:325) yaiku sawijine proses mriksa kaputusan sing dijupuk karo panliti sajrone mastekake asil observasine. Panlitien kuwi isa diarani (*confirmability*) yen asil panlitien wis disarujuki wong akeh.

Sajroning panlitian kualitatif, panliti nggunakake teknik triagulasi. Moleong (2019:330-331) triagulasi yaiku salah sawijine teknik keabsahan dhata kang ditindakake lan digunakake kanggo mindahake dhata. Babagan kang bisa dadi cara ngecek lan bandhingake yaiku sumber, metodhe, panliti, lan teori. Uga teknik triagulasi kaperang dadi papat yaiku: 1) triagulasi sumber data triagulasi, 2) triagulasi panliti investigator triagulation, 3) triagulasi metodologis methodological triagulation, 4) triagulasi teori theoretical triagulation. Saka papa teknik triagulasi ing dhuwur, panliti nggunakake rong teknik triagulasi yaiku triagulasi sumber dhata lan Triagulasi Teori.

Nganalisis dhata yaiku sala sawijine proses sawise oleh dhata teka lapangan banjur ditindakake analisis dhata. Nganalisis dhata minangka salah sawijine cara kang digunakake panliti kanggo ngonceki isi sajroning dhata sing wis dikumpulake dening panliti. Dhata saka

asilang wawancara, dhokumentasi, observasi, lan sapaunggalane sing wis ana. Analisi dhata miturut Abubakar (2021:121) ditindakake kanti cara nglompokake dhata, njlentrehake dadi unit-unit analisis, nindakake sintesa, nyusun sajroning wujud pola, milih lan milah antarane bab kang wigati kang bakal disinaoni. Miturut Endaswara (2022:215) analisis dhata panliten kualitatif isa dilakoni kanti cara deskriptif etnografi utawa sapanunggalane. Analisis sing kaya iki yaiku maparana subjek panliten lan cara panliti golek dhata. Model analisis isa gunakake model interaktif sing ana telung proses yaiku (1) redhuksi dhata (data reduction), (2) nyuguhake dhata (data display), lan (3) narik dudutan lumantar verifikasi. Redhuksi yaiku kgiatan ngrangkum dhata sing wis oleh, banjur diklompokake sing wigati lan padha karo panliten. Nyuguhake dhata yaiku nglompokake lan nyalarasake dhata dhata sing wis dipilih karo panliti kanggo nggampangake panliti ngandharake panliten. Banjur sing pungkasna dudutan iki sipate sawetara, dudutan iki bisa owah yen ana dhata anyar sing ditemokake.

Dhata kang wis diolehhake kanthi maneka teknik kang wis digunakake banjur diolah, saengga dhata panliten bisa diwaca lan dimangerten i kanti cetha, kanthi cara nggayutake dhata panliten karo kedadean alam sing ana utawa fenomena-fenomena kang ana ing undheran panliten. Saka andharan kasebut perangane dhata kang kudu digatekake dening panliti, sajroning panliten Tradhisi Haul ing Pesareyan Mbah Janten nalikane nliti objek migunakake analisis dhata awujud analisis dhata ing lapangan. Tata cara ngolah dhata sajroning panliten Tradhisi Haul ing Pesareyan Mbah Janten yaiku (1) dhata saka observasi lan wawancara dicathet lan direkam, (2) Dhata kang ana sesambungan karo undheran panliten dipilih lan ditranskrip, (3) klasifikasi dhata dianalisis lan digoleki isi kang jumbuh karo pangangan tradisional kerupuk ladu sajroning Pasar Legi ngenani mula buka, bahan lan cara nggawe kerupuk ladu, aspek makna, fungsi, crita sejarah, owah-owahan, lan cara pelestarian, (4) nyusun draft saka asil panliten kanthi wujud skripsi, (5) njlentrehake ngenani dudutan sajroning asil panliten.

ANDHARAN

Kepriye Mula Buka Desa Becirongengor lan Tradhisi Haul Mbah Janten ing Dusun Beciro, Desa Becirongengor, Kecamatan Wonoayu, Kabupaten Sidoarjo.

Ing saben dhaerah ana crita sejarah sing nduweni gegayutan marang mula bukane dhaerah kasebut. Crita sejarah singngrembaka saka sesepuh jaman biyen banjur digetok tularke marang keturunane saengga tetep ngrambaka nganti saiki. Salah sawijine crita sejarah sing ana ing Desa Becirongengor lan nduweni sesambungan marang mula bukane desa yaiku Haul Mbah Janten. Haul Mbah Janten iki wis dadi tradhisi sing ora bakal bisa ditinggalake dening masyarakat Desa Becirongengor. Amarga rikala jamane Mbah Janten lan bapak, ibune isih urip, akeh jasa sing wis ditindakake kayata dakwah agama Islam lan dadi pawongan sing babad alas Desa Becirongengor. Mula saka iku lelakon uripe Mbah Janten karo wong tuwa ne uga tradhisi haul menika nduweni gegayutan sing raket antarane siji lan sijine. Andharan ngenani mula buka haul lan mula buka desa lan ana saben-saben versine kaya ing ngosir iki.

Saliyane nduweni crita sejarah ngenani mula buka desa sing nganti saiki ngrambaka ing bebrayan masarakat Desa Becirongengor. Uga saben dhaerah ana crita sejarah sing nduweni gegayutan marang pawongan sing babad desa. Crita sejarah kasebut ngrembaka saka sesepuh jaman biyen sing nurunake marang keturunane utawa anak putune nganti cara digetok tularke saengga tetep ngrembaka nganti jaman saiki. Salah sawijine crita ing Kabupaten Sidoarjo mligine ana ing Desa Becirongengor. Pesareyan Mbah Janten iki minangka papan panggonan uga dipercaya karo masyarakat desa dadi papan panggonan sing sakral. Babagan kasebut bisa diweduhi yen Mbah Janten iki dadi sesepuh sing babad Desa Becirongengor saengga bisa dadi kaya mengkene. Banjur bisa diarani Haul Mbah Janten iki gara-gara jeneng aran anak sing disepakati dening para warga Desa Becirongengor.

ARGOPURO

Argopuro: Jurnal Multidisiplin Ilmu
Bahasa
Vol 10 No 2 Tahun 2025
Online ISSN: 2988-6309

Mula Bukane Dhusun Beciro, Desa Becirongengor, Kecamatan Wonoayu Kabupaten Sidoarjo.

Ing saben dhaerah ana crita sejarah sing nduweni gegayutan marang mula bukane dhaerah kasebut. Crita sejarah sing ngrembaka saka sesepuh jaman biyen banjur digetok tularke marang keturunane saengga tetep ngrambaka nganti saiki. Salah sawijine crita sejarah sing ana ing Desas Becirongengor lan nduweni sesambungan marang mula bukane desa yaiku Haul Mbah Janten.

Mula Bukane Dhusun Beciro, Desa Becirongengor, Kecamatan Wonoayu Kabupaten Sidoarjo Miturut Bapak Jumalik Minangka Ketua Ranting Dhusun Beciro.

Mula bukane Dhusun Beciro Miturut informan juru kunci lan prangkat desa. Saben-saben dhaerah katr mesthi ana crita sejarang sing dinduweni, crita-crita kasebut biyasane gegayutan karo mula buka desa utawa jeneng saka desa kasebut. Crita sejarah kasebut ngrembaka saka sesepuh jaman biyen sing nurunake marang keturunane utawa anak putune nganti cara digetok tularke saengga tetep ngrembaka nganti jaman saiki. Wiwit saka mula buka Desa Becirongengor, rikala jaman semana ana pawongan sing babad alas Desa Becirongengor, pawongan iku kondang dipunsebut Mbah Janten. Mbah Janten lan wong tuwa iki dudu asli wong sidoarjo, nanging nganti saiki durung diweruhi Mbah Janten lan kulawargane iki wong saka endi asale.

“Aku iki minangka ketua ranting namung nerusana tongkat estafet utawa gampange sing nerusna crita iki supaya ora ilang crita sejarahane mas. Dadi ngene sing babad alas ning Desa Becirongengor iki bisa diarani sakulawarga sing saiki diweruhi yaiku Mbah Janten. Biyen sadurunge ana desa iki, dhaerah kene iki wujude rawa-rawa banjur pas penjajahan sadurunge taun 1900-an mlayune rene lan ndelik ning dhaerah kene. Pancen bener masarakat uga percaya Mbah Janten iki pancen pawongan sing babad alas Desa Becirongengor. Pas ana walanda wong tuwa Mbah Janten manggon ing sisih lor desa, ning kunu ana pendapa, banjur sawise walanda ilang sitik-sitik dheweke gawe omah ing tengah-tengah desa. Sairing lumakune jaman wong tuwa ne Mbah Janten iki wis ora kuat maneh banjur ngongkon anake yaiku Mbah Janten gawe nerusna apa sing wis dugawe karo wong tuwane. Dadi isa diarani yen Mbah Janten iki naming nerusna apa sing wis digawe karo wong tuwane. Lek dipikir logika ora mungkin mara-mara anake nduwe pikiran babad desa dhewe. Sing babad alan miturutku yaiku bapak karo ibune banjur ngongkon anake kanggo nerusna apa sing wis digawe karo wong tuwane, nganti masarakat iku percaya lek wong sing babad alas ning kene Mbah Janten lan ditepangake ning anak putune nganti saiki yaiku Mbah Janten” (Pak Jumalik, 25 April 2025).

Bisa dideleng saka pethikan dhata ing ndhuwur Mbah Janten lan kulawargane iku pancen wong sing nduweni jasa marang desa. Miturut crita saka pak jumalik minangka ketua ranting lan pewaris crita sejarah, yen sing babad alas rikala jaman semana yaiku wong tuwane Mbah Janten. Semangsa wong tuwane Mbah Janten ing Desa Becirongengor taun 1900-an biyen isih rawa-rawa, bapak karo ibune iku mau ngaso ing paseban karang jiwu. Sawise walanda ngaleh saka dhaerah kunu, wong tuwane Mbah Janten miwiti gawe omah ing tengah bebrayan. Sairing lumakune jaman wong tuwane Mbah Janten wis ora sanggup banjur ngutus anake kanggo nerusake perjuangan wong tuwane yaiku Mbah Janten utawa anake.

Apa Wae Fungsi Tradhisi Haul Mbah Janten ing Dusun Beciro. Desa Becirongengor, Kecamatan Wonoayu, Kabupaten Sidoarjo.

Saben sajrone tradhisi ora mung ngandhut babagan nanging nindakake tradhisi supaya apa sing dipingini bisa kaleksan. Nanging sajrone tradhisi mesthi nduweni fungsi kang ngandhut piwulangan tumrap masyarakat sing melu partisipan sajrone acara kasebut. Saliyane nduweni fungsi marang masyarakat kang nindakake uga nduweni fungsi marang lingkungan utamane dhaerah kasebut. Fungsi saka tradhisi uga bisa ngrembakake wilayah kasebut supaya

misuwur ana ning wilayah liyane sing cedhak-cedhak wilayah tradhisi. Saben wilayah isa misuwur amerga isih nguri-nguri lan ngelestarekake kabudayan paninggalan saka sesepuh jaman biyen. Anane pawongan jaman biyen utawa nenek moyang nglakoni tradhisi meshi ana fungsi kanggo menehi piwulangan tumrap awakedhewe, kaluwarga lan masyarakat liyane.

Nalika wis ngerten fungsi kang kinandhut saka tradhisi kasebut masyarakat luwih sregep maneh anggone nguri-nguri tradhisi kasebut. Babagan kasebut kaya dene tradhisi Haul Mbah Janten. Ana ing tradhisi menika uga akeh fungsi kang kinandhut nalika nindakake kagiyatan haul menika. Tradhisi menika kalebu tradhisi kang ora bisa dipisahke karo bebrayan amerga kalebu folklor. Mula tradhisi Haul iki nduweni daya pangaribawa sing gedhe tumrap panguripan masyarakat bebrayan. Konsep fungsi kang digunakake kanggo ngandharake fungsi folklor sajrone tradhisi Haul iki yaiku Miturut Bascome sajroning Suwardi Endraswara (2009:126) fungsi utawa piguna folklor ana papat yaiku: (1) minangka sistem proyeksi, (2) minangka alat pengesahan pranata-pranata kabudayan, (3) minangka piranti pendhidhikan, (4) minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi paugeran bebrayan utawa kolektif. Kanggo katrangan luwih jangkep ngenani andharan fungsi sajrone tradhisi Haul Mbah Janten bisa diweduhi ana ing ngisor iki.

Minangka Sistem Proyeksi

Fungsi kapisan ana sistem proyeksi minangka babagan sing dienggo kanggo cerminan utawa gambaran marang kabeh masyarakat. Saka anane sistem proyeksi iki dikarepake supaya masyarakat nduweni piguna marang lumakuna jaman. Sambung rakete sistem proyeksi lan kabudayan utawa tradhisi ana sajrone tradhisi sing dadi pakulinan. Pakulinan bisa kabentuk nalika anane babagan sing diaksanakake kanthi cara sadar utawa dipeksa lan dilaksankake. Dadi cerminan sing bisa ndadekake tuladha yaiku anane kagiyatan haul iki sing dimeloki kabeh masyarakat desa sairing lumakune jaman dadi pakulinane. Mula tradhisi kang dadi pakulinan kang becik nduweni fungsi kang awujud sistem proyeksi bisa digunakake manungsa lan diterpake ana ing masyarakat. Baagan kasebut uga diandharake marang informan ana pethikan ngisor iki.

"Untuk fungsinya sendiri menurut saya banyak banget mas, mulai dari masyarakat berpartisipasi atau berperan langsung dalam berjalannya Haul dari awal sampai akhir acara. Untuk masyarakat yang datang ini sangat menjaga cara berpakaian mereka dan tingkah laku mereka selama mengikuti acara Haul. Dari dua itu menurut saya sudah memberikan contoh yang baik mas, setidaknya mereka tidak datang dengan pakaian yang jelek pun itu sudah sangat bagus menandakan kalau disamakan dengan acara yang diikuti dan menjaga omongan dari yang jelek-jelek mas" (Pak Hadi 25 April 2025).

Jarwane:

"Fungsine miturut aku akeh mas, saka masarakat melu nyengkuyung lumakune haul wiwit purwa nganti wasanaadicara. Kanggo masarakat sing teka iki njaga carane dheweke klambianlan solah bawane sasuweneadicara mlaku. Saka rong prekara iki bisa menehi dampak sing becik mas. sak ora-orane wong iku mau teka ora nganggo klambi sing ala" (Pak Hadi 25 April 2025).

Adhedhasar pethikan dhata ing ndhuwur bisa nduduuhake yen Tradhisi Haul Mbah Janten iki nduweni fungsi kanggo masyarakat uga pawongan sing meluadicara kasebut. Fungsi kanggo sistem proyeksi manungsa supaya bisa milih bab kang *negatif* lan *positif* anana ana dampak kaya kuwi saengga mujudake sistem proyeksi kang becik lan selaras. Dampak loro

kasebut bisa kadudut karo masyarakat amerga anane tradhisi kasebut uga kang njalari masyarakat uga. Baagan kasebut uga diandharake marang informan ana pethikan ngisor iki.

"Iya ada dampaknya mas untuk tradisi haul ini, dampak bisa dibilang ada dua yaitu baik dan buruknya untuk masyarakat agar bisa mengingat dalam prilaku, jadi generasi muda penerus bangsa ini juga tau bab yang bermanfaat seperti sopan santun, prilaku, berbicara yang bagus dan lain-lain. Karena anak muda sekarang itu lupa dengan tradisi Jawa" (Pak Hadi 25 April 2025).

Jarwane:

"iya ana daya pangaribawane mas, gawe tradhisi haul iki bisa diarani ana loro yaiku apik karo eleke, kanggo masarakat supaya bisa ngeling-eling sajroning tumindak. Dadi bocah enom sing nerusna bangsa iki kudu ngerti babagan sing apik kayata tata krama, salah bawa, omongan iku sing becik. Amerga bocah enom saiki kan lali karo budaya Jawa" (Pak Hadi 25 April 2025).

Andhedhasar pethika dhata kasebut bisa nuduhake yen bab fungsi tradhisi kanggo sistem proyeksi kang bisa ndadekake manungsa bisa tumindhak kanthi becik lan selaras karo masyarakat liyane. Sajrone masyarakat kuwi mbuthuhake masyarakat liyane mula tumindhak kang becik saengga bisa ndadekake urip bebrayan dadi rukun ing masyarakat. Bisa didudut yen kabudayan iku nduwensi fungsi supaya dadi sistem proyeksi cerminan saka dhampak positif saka anane Haul Mbah Janten kasebut sing kapisan yaiku nuwuhanke sipat ngajeni marang wong liya lan awakedhewe, sing keloro yaiku jaga tradhisi kasebut supaya tansah ngrambaka sairing lumakune jaman.

Piranti Pengesahan Pranata-pranata Kabudayan

Fungsi kapindho ana pirantipengesahan lembaga kabudayaan minangka digunakake kanggo matenanke yen tradhisi kasebut asli saka wilayah kunu. Tradhisi dilaksenani kanthi pangajab jaluk kaslamatan marang Gusti Kang Maha Kuwaos nalika nindakake kahuripan ana ing donya lan akhirat. Dene kanggo ngolehi panjaluke sing dipingini uga bisa migunakake cara kanthi lantaran. Salah sawijine yaiku ngelakono kagiyatan saing asipat turun temurun sing uwis dilakoni marang pawongan jaman biyen. Amerga jaman biyen asring nindakake kagiyatan sing awujud nyadran utawa sedekah bumi kanggo ngucapke rasa Sokur marang Gusti Kang Maha Kuwaos kang uwis menehi rejeki akeh saking asil bumi. Saengga masyarakat nindakake kagiyatan sing asring dilaksenani saben wulan utawa saben taun.

Tradhisi haul yaiku tradhisi sing asring ditemoni ing wilayah-wilayah tartamtu. Ing ngendi tradhisi haul iki kagiyatan sing wis ditindakake wiwit jaman biyen. Nanging saben-saben wilayah sing nindhakake tradhisi haul kasebut mesthi nduwensi pambeda antarane siji karo sijine. Sing bedakake tradhisi haul iki yaiku ana ing papan panggonane, ubarampe, lan tata laku saengga ora padha karo liyane. Kaya dene tradhisi Haul Mbah Janten iki yaiku salah sawijine tradhisi haul ing Kabupaten Sidoarjo. Tradhisi haul iki uwis kalaksanan wiwit jaman biyen, banjur karo masyarakat desa diuri-uri nganti saiki. Senajan jamane wis maju tradhisi iki isih tetep ana masia akeh perkembangan jaman ing tengahé bebrayan. Masyarakat Desa Becirongengor iki nindhakake tradhisi haul kasebut kanggo ngeling-eling wong sing babad alas Desa Becirongengor, kanggo tolak balak, lan kanggo wujud rasa sukur marang wong sing babad alas lan Gusti Pangeran. Ana ing tradhisi haul iki bisa dimangertení yen nduwensi fungsi lan piguna kang akah tumrap kahuripan sakabehe masyarakat. Baagan kasebut uga diandharake marang informan ana pethikan ngisor iki.

"Tradisi yang ada disini itu tradisi haul itu mas, kalau haul ini kan acara yang besar mas setau sekali. Tidak hanya itu setiap Kamis pon malam Jumat wage itu ya ada kirim doa seperti tahlilan, atau ada orang yang mempunyai keinginan bisa kesini tapi niate hanya meminta tolong kepada Mbah Janten tidak menduakan tuhan mas" (Pak Sutris 25 April 2025).

Jarwane:

"Tradisi sing ana ning kene yaiku tradisi haul iku mas, haul iku anaadicara gedhene nanging setau sepisan mas. Ora mung adicara sing setau sepisan, ana saben Kemis pon wengi Jumuah wage iku kirim donga kaya tahlilan. Utawa ana wong sing nduwe khajat bisa rene niate mung nyuwun tulung ora menyimpang saka ajaran agama Islam" (Pak Sutris 25 April 2025).

Adhedhasar pethikan dhata ing ndhuwur nduduhake yen adicara sing ana ing Desa Becirongengor iki ora mung haul, uga ana adicara tahlilan sing kalaksanan Kemis pon wengi Jumuah wage. Utawa ana pawongan sing nduweni khajat bisa teka ing makam Mbah Janten nyuwun tulung supaya dongane bisa cepet kawujud.

Piranti Pendhidhikan

Fungsi sing katelu ana pendhidhikan minangka babagan sing diwulangake ana ing sakabehane pawongan. Pendhidhikan kaperang dadi loro yaiku pendhidhikan formal lan pendhidhikan ora formal. Pendhidhikan formal awujud pendhidhikan kang diwulangake ana ing sekolah lan diwulang dening guru. Dene pendhidhikan ora formal awujud pendhidhikan sing diwulangke ana ing njabane pendhidhikan formal kayata ning endi ae isa kaya nalika ana ing omah oleh wawasan saka kaluwarga, banjur nalika ana ing papan ibada isa oleh wawasan saka pamimpin agama, banjur saliyane iku bisa oleh pendhidhikan teka lingkungan masyarakat nduweni pangaribawan kang gedhe sarta nduweni peran sing wigati tumrap kapinteran bocah. Ing sajrone lingkungan masyarakat uga bocah bisa nemoake sapa sejatine dhiri. Dadi becik utawa alane tumindake bocah gumantung saka kahanan isng lingkunagn masyarakat.

"Yang ikut tradisi haul iki tidak hanya orang tua mas, semua anak-anak kecil ikut tradisi haul ini, terus yang anak kartar itu juga ikut membantu bersih-bersih makam mas. Malahan yang banyak berpartisipasi anak kecil-kecil sama yang masih muda-muda itu mas yang kerja bakti berih-bersih makam, habis itu yang membaca khataman Qur'an. Jadi tradisi Haul Mbah Janten ini tidak ada batasan bagi yang ikut, semua warga, semua orang yang ada didesa ini kalau bisa bareng-bareng semua gotong royong tradisi haul iki" (Pak Subekhan 25 April 2025).

Jarwane:

"Sing melu tradisi haul iki ora mung wong tuwa mas, bocah-bocah cilik ya melu ning tradisi haul iki. Banjur bocah enom iku uga padha melu nyengkuyung adicara Haul Mbah Janten iki. Teka kabehe pawongan sing melu, bocah cilik karo bocah enom iku sing paling ketok penggaweyane kayata kerja bakti resik-resik makame Mbah Janten, sing maca Khotmil Qur'an ya akeh bocah enome. Ing tradisi haul iki ora ana wates antarane wong tuwa karo bocah enom, kabeh melu nglaksanani haul kayata warga desa melu nyengkuyung tradisi haul iki" (Pak Subekhan 25 April 2025).

Adhedhasar pethikan dhata kasebut bisa nduduhake yen kabeh wong sing ana ing Desa Becirongengor padha melunglumpuk dadi siji ing tradisi Haul Mbah Janten. Saliyane kuwi kanggo bocah-bocah cilik supaya mangerten iku apa wujud saka tradisi kang ana ing Desa kasebut. Dadi saliyane melu nyengkuyung tradisi kasbut uga melu sinambi sinau lan nguri-

nguri budaya kang ana ing Desane. Saka kunu wong tuwa-tua wis padha ngongkon bocah cilik karo arek enom kanggo melu tradhisi kasebut, tujuane supaya mbesuk nalika bocah cilik-cilik iku mau wis gedhe tetep eling marang wong sing wis babad alas lan ngugemi tradhisi kasebut.

Regenerasi marang para kawula mudha iku perlu banget supaya budaya-budaya kang dinduweni orang ilang lan ora kagingsir owahing jaman. Saliyane iku tradhisi menika uga minangka sarana kanggo nindakake para bocah cilik nduweni tata krama marang pawongan kang luwih tuwa. Dadi melune bocah bocah cilik ana ning pesarean lan nyengkuyungadicara menika dadi sarana pasinaon ndeleng bab-bab kang becik.

Piranti Kanggo Ngawasi Masyarakat

Fungsi sing papat ana piranti pamawas masyarakat minangka pirati sing digunakake kanggo dadi pangendhalen sosial. Bab kang perlu digatekake ing masyarakat yaiku norma maerga masyarakat liyane isa nilai pawongan saka norma nalika nduweni norma kang becik bakalan ditampa karo masyarakat sakupengane. Pranatan uga dadi salah sawijine pamecut supaya masyarakat ora ngalakoni tumindake sakarepe dhewe. Wong Jawa dhuweni pranatan-pranatan kang kudu ditatai nalika bebrayan marang masyarakat, amerga wong Jawa nduweni sipat kang becik nduweni unggah-ungguh lan tata krama lan bisa nepakake awake ana ing papan ngendi. Babagan kasebut uga diandharake marang informan ana pethikan ing ngisor iki.

“Gampang-gampangane ya didelok ae mas pas mlakuneadicara haul iki masarakat iku ya apa. Senajan ing tradhisi haul utawa pas ndelok makame iki ora ana aturan sing wajib nanging ya umume lek pingin diajeni ya kudu ngajeni kan ngono. Sing kapisan uluk salam lek nak dhaerah makam, terus pas ana bocah melbu sandhal utawa sepatu dicepot, dan sing paling kudu diati-ati pas ngomong mas aja sembarang wedine lek kekadean” (Pak Kalim 25 April 2025).

Andhedhasar pethikan dhata kasebut bisa nuduhake yen sajrone urip kudu ngajeni wong liya menawa awakedhewe pingin diajeni. Teka kuwi manungsa kudu bisa jaga sakabehane teka sipate awakedhewe sing ala, merga manungsa sing nduweni sipat mbutuhake wong liyane ning bab apa wae mula kudu nduwe norma utawa sipat sing becik.

Fungsi Liyane

Saliyane fungsi miturut Bascome, uga ana fungsi liyane kaya dene Tradhisi Haul Mbah Janten ing Dhusun Beciro, Desa Becirongengor, Kecamatan Wonoayu, Kabupaten Sidoarjo. Ing panliten iki ditemokake fungsi liyane, fungsi liyane kasebut antarane 1) religi, 2) ekonomi, 3) sesrawungan. Piguna liyane sing ana sajrone Tradhisi Haul Mbah Janten Dhusun Beciro, Desa Becirongengor, Kecamatan Wonoayu, Kabupaten Sidoarjo luwih cethane bisa dideleng ing ngisor iki.

Religi

Haul yaikuadicara slametan sing ana amerga gabungan saka rong jinis budaya yaiku budaya Jawa karo budaya Islam. Amerga ing agama Islam iku piwulang saka Arab beda karo sing wis mlebu ing Jawa. Nalika manungsa wis ninggalake donya iki lelayon ora ana sesambungane antarane manungsa karo alam donya iki. Lelayon wis pindhah donga, nganti wayahe teka kanggo pindhah ning alam sabanjure. Saka kunu wong Jawa nyiptakake slametan, yaiku salah sawijine haul kanggo mengeti patine wong sing wogati tumrap sawijining kelompok. Saliyane mengeti patine wong, haul uga dadi pangeling-eling tumrap manungsa sing isih urip marang gusti pangeran. Semono uga Haul Mbah Janten sing tata lakune arupa dedonga, pepujen, ceramah agama lan sapanunggalane, sing nduweni makna supaya wong-wong tansah eling marang mati lan gusti.

“Kan iki kagiyatan haul mas, jadi ya sama saja dengan acara tahlilan. Cuman kalau tahlilan kan cuman sebentar paling lama satu jam dan yang dibaca tidak semua kan surat-suratnya. Kalau haul ini pembacaan surat dari jus 1 samapai jus 30, sesudah itu ada sholawat-sholawat yang dimana memuji pencipta kita supaya dapat ampunan dan berkah hidup didunia, memuji nabi kita yang sudah memperjuangkan agama Islam hingga bisa sampai seperti ini” (Pak Subekhan 25 April 2025).

Jarwane:

“Kan ikiadicara haul man, dadi padha ae karoadicara tahlilan biasane. Lek tahlilan kan sediluk tok paling suwe sak jam iku wae ora diwaca kabeh surat-surate. Haul iki maca surat teka jus 1 nganti jus 30, sawise iku maca sholawat-sholawat sing pujian gawe sing kuwasa supaya awakdhewe oleh barokahe urip ing donya, banjur pujian kanggo kanjeng nabi sing wis belani agama Islam saengga bisa kaya mengkene” (Pak Subekhan 25 April 2025).

Adhedhasar pethikan dhata ing ndhuwur bisa diweruhi yen fungsi sakaadicara Haul Mbah Janten iki kanggo mengeti matine pawongan sing wis nduweni piguna tartamtu marang dhaerah. Banjur awakdhewe sing isih urip dongakake pawongan kuwi mau kanti cara rantamanadicara sing dawa wiwit maca Qur'an lan ngaturna pujian dhumateng pangeran lan kanjeng nabi. Miturut pawongan sing agama Islam rantamanadicara iki sae amerga ana wacaan Qur'an lan sholawat-sholawat ditujuwake marang pangeran lan kanjeng nabi, dadi haul iki duduadicara nyembah wong sing wis mati nanging dongakake pawongan sing wis mati.

Fungsi Ekonomi

Salah sawijine piguna ekonomi saka dene Tradhisi Haul Mbah Janten ing Dhusun Beciro, Desa Becirongengor, Kecamatan Wonoayu, Kabupaten Sidoarjo yaiku marang pawongan sing dodolan ubarampe sesaji. Para warga masyarakat Desa, lan warga sakupenge Deda Becirongengor kanggo pawongan sing dodolan ubarampe sesaji sing ana sakupenge Makame Mbah Janten nalika peziarah kapengen goek kaperluan sesajen. Banjur piguna ekonomi kanggo masyarakat desa lan njaba desa yaiku kanggo golek arta yaiku dodolan panganan sing manggon ana ing lapangan Desa. Babagan kasebut uga diandharake marang informan ana pethikan ing ngisor iki.

“Lek kanggo ekonomi iki wes jelas mas, paling utama yaiku wong sing dodolan kembang. Wes iku mesti larise, tapi ya kan manungsa ora mung tuku kembang, ya tuku panganan gawe awakedhewe pas melu nglaksanani haul iki mas. Jajan kaya ngunu mau sing akeh tuku biyasane arek-arek cilik iku seneng lek ana acara haul iki” (Pak Kalim 25 April 2025).

Adhedhasar pethikan dhata ing ndhuwur bisa diweruhi yen fungsi ekonomi anane haul iki akeh banget, kayata wong sing dodolan kembang iki bisa luwih laris timbangane dina-dina biyasane. Semana uga wong sing dodolan jajan, bisa dideleng teka pethikan dhata ing ndhuwur akehe bocah-bocah cilik sing ana nak desa bisa mbiyantu ekonomine pawongan sing ana ing njaba desa.

Fungsi Sesrawungan

Kagiyatan apa wae kang diupayakne masyarakat kuwi mesthi tujuwan utawa piguna bisa nuwuhake sesrawungan antara tangga siji lan liyane. Upaya-upaya sing mengkono uga ditemtokake ing sajrone Tradhisi Haul Mbah Janten ing Dhusun Beciro, Desa Becirongengor,

Kecamatan Wonoayu, Kabupaten Sidoarjo tuladhane nalika arep dilaksanakake para masyarakat gotong royong ngresiki sakupengane pesarean Mbah Buyut Ki Srengat, banjur masang tarup lan nyiapake pralatan liyane. Kanthi cara kaya mengkono ora dirasa bisa nuwuhake sesrawungan.

Sesrawungan bisa uga diwiwiti saka pakulinan lan kagiyatan salah sawijine awujud Tradhisi Haul Mbah Janten ing Dhusun Beciro, Desa Becirongengor, Kecamatan Wonoayu, Kabupaten Sidoarjo kaya ngeniki iki. Sajrone proses tradhisi Haul uga bisa nuwuhake pakaryan sing bisa njalari anane sesrawungan. Sajrone pakaryan kang bisa njalari anane sesrawungan. Sajrone pakaryan kang dilaksenani karo masyarakat desa Becirongengor nalika biyantu prosesi tanpa dirasa kuwi wujud kang nduweni sипat nyata anggone nuwuhake rasa sesrawungan. Ing desa Becirongengor akeh banget kagiyatan kang ditindakake supaya tetep srawung antarane tangga lan tangga liyane. Konsep kaya ngono uga dilakoni ana ing tradhisi Haul menika wiwit siyaga, laksana, tekaning purwa, masyarakat melu nyengkuyung acara kasebut. Babagan kasebut uga diandharake marang informan ana pethikan ing ngisor iki.

“Gawe aku sesrawungan mas, sabendina wis ora tau omong-omongan, dina prei ya padha ning omah gara-gara wis kesel. Haul iku bisa nglumpuk lan sesrawungan bareng antarane tangga omah, tangga gang, tangga rt bisa nglumpuk dadi siji ning haul iki mas. Dadi aku sing nyawang iki ya melu seneng, ket ngadekna terob nganti mari adipara ne lara bareng, seneng ya bareng-bareng, terus ya sesrawungan karo tangga desa mas sing penting” (Pak Jumalik 25 April 2025).

Andharan pethikan dhata kasebut bisa nuduhake tradhisi utawa kabudayan kang becik bisa dadi sarana nuwuhake sesrawungan kang beci uga. Saka saakehe tradhisi sing ngrembaka ing masarakat yaiku tradhisi kang nuwuhake sesrawungan, wis akeh tuladha tradhisi saliyane Haul Mbah Janten ing Dhusun Beciro, Desa Becirongengor, Kecamatan Wonoayu, Kabupaten Sidoarjo. Masyarakat bisa mangertenipiguna kang ana sajrone tradhisi kasebut kaya ngapa.

DUDUTAN

Sajroning tradhisi nduweni paugeran sing bedha-bedha antarane siji lan sijine. Babagan kasebut bisa didelok saka mula buka, lan wujud. Sajroning tembung wujud iku ana saperangan pambahasan kayata tata laku, ubarampe lan makna saka ubarampe kasebut lan kapan tradhisi kasebut kalaksanan. Kaya dene tradhisi Haul Mbah Janten ing Desa Becirongengor, Kecamatan Wonoayu, Kabupaten Sidoarjo iki. Tradhisi Haul Mbah Janten bisa tuwuhan lan ngrembaka ana ing Desa Becirongengor, Kecamatan Wonoayu, Kabupaten Sidoarjo. Wiwit anane tradhisi haul iki nduweni gegayutan antarane wong sing saiki manggon ing kunu karo wong sing babad alas Desa Becirongengor. Mula saka iku tradhisi haul iki isih tetep ngrambaka nganti tekan saiki amerga kabeh pawongan sing nduwe anak utawa wis nduwe putu dikongkon melu tradhisi kasebut supaya bisa migunani tumrap generasi samangke.

Dudutan saka asiling panliten kang ditindakake panliti saengga dadi babagan sing wigati tumrap masyarakat kang digunakake kanggo mangertenipiguna babagan sing durung dimangertenipiguna uga benerake babagan sing kliru. Tradhisi Haul Mbah Janten iki minangka folklor setengah lisan sing ana ing Kabupaten Sidoarjo. Sakabehane dhata sing ana dikumpulake marang panliti saka informan-informan sing nduweni gegayutan marang Tradhisi Haul Mbah Janten lan masyarakat Desa Becirongengor. Banjur dhata-dhata kasebut dianalisis saengga nemokake babagan wigati sing ana gegayutan marang wujud ubarampe lan makna simbol. Makna simbol sing ana ing tradhisi Haul Mbah Janten iki maneka warna wiwit ubarampe sing digunakake sajroning nglaksanani tradhisi Haul Mbah Janten kasebut. Saengga makna sing ana ing tradhisi Haul Mbah Janten iki iki bisa diweduhi pangertenipiguna kang wigati sing bisa digunakake tumrap kahuripan.

Tradisi Haul iku ditindakake dening masyarakat kanggo ngurmati wong sing babad alas yaiku Mbah Janten. Rikala jaman semana Mbah Janten iku nduwени peran sing wigati kanggo masyarakat desa, tuladhané wis nggolekna panggo sing isa didekna omah lan wong sing ngajari agama Islam ing dhaerah kunu. Amerga Mbah Janten dhewe bab agama Islam kuwi sinau menyang syekh Jumadil Kubro. Saliyene iku nglaksanani tradisi haul iku ora kanggo kapentingan pribadhi nanging kapentingan bebrayan. Semana uga dungsi saka anane tradisi haul iku Fungsi kasebut wiwit saka sistem proyeksi, piranti pengesahan pranata-pranata lan para lembaga kabudayan, piranti pendhidhikan anak.

DAFTAR KAPUSTAKAN

- Abubakar. 2021. *Pengantar Metodologi Penelitian*. Yogyakarta: SUKA-Press.
- Agusta, Ivanovich. 2003. "Teknik Pengumpulan Dan Analisis Data Kualitatif." *Jurnal Studi Komunikasi Dan Media* 02(1998):1-11.
- Amin, Samsul Munir. 2020. "Tradisi Haul Memperingati Kematian Di Kalangan Masyarakat Jawa (Kajian Antropologi)." *Manarul Qur'an: Jurnal Ilmiah Studi Islam* 20(2):80-92. doi: 10.32699/mq.v20i2.1708.
- Ardiyanti, Y., and Sri Wahyu Widayati. 2016. "Tradisi Siraman Ing Grojogan Sedudo Kabupaten Nganjuk (Tintungan Folklor)." *Baradha* 15.
- Arifiani, Citra. 2024. "Tata Laku Tradisi Bandungan Dalam Rangka Peringatan Haul Mbah Sindujoyo Di Kelurahan Lumpur." 20(1):15-29.
- Dini, Dalili Zata. 2018. "Tradisi Ruwat Dusun Ing Candhi Belahan." *Jurnal Online Bharada* 1(1):15.
- Feria Dhewi, Riska. 2018. "MANTRA DALAM KENDURI KEMATIAN MASYARAKAT JAWA KECAMATAN CLURING KABUPATEN BANYUWANGI." 41.
- Goswami, Indira, and Anindita Kar. 2022. "Jatra." *Indira Goswami: Margins and Beyond* 2:34-38. doi: 10.4324/9781003147015-9.
- Keesing, Roger. 2014. "Teori-Teori Tentang Budaya." *Antropologi Indonesia* 0(52). doi: 10.7454/ai.v0i52.3313.
- Liana, Mega. 2023. "Tradisi Puter Kayun Di Desa Boyolangu Kecamatan Giri Kabupaten Banyuwangi (Kajian Folklor)." *JOB (Jurnal Online Baradha)* 19(3):233-51.
- Makbul, M. 2021. "Metode Pengumpulan Data Dan Instrumen Penelitian." 38.
- Margiyono, Toto, and Wahyasa Sugeng Septa. 2024. "Makna Tumpeng Salan Sesaji Jawa Perspektif Agama Hindu." *Widya Aksara* 15(1):37-48.
- Mekarisce, Arnild Augina. 2020. "Teknik Pemeriksaan Keabsahan Data Pada Penelitian Kualitatif Di Bidang Kesehatan Masyarakat." *JURNAL ILMIAH KESEHATAN MASYARAKAT: Media Komunikasi Komunitas Kesehatan Masyarakat* 12(3):7. doi: 10.52022/jikm.v12i3.102.
- Ni'am, Sholikhul, Elis Puspitasari, and Hariyadi Hariyadi. 2024. "Pergeseran Makna Sesajen Dalam Tradisi Sedekah Bumi Di Desa Pekuncen, Kecamatan Jatilawang, Kabupaten Banyumas." *Innovative: Journal Of Social Science Research* 4(1):1127.

Nur Sekreningsih, Marsan, and Siregar Mia Juliana. 2021. "Gondang: Jurnal Seni Dan Budaya." *Jurnal Seni Dan Budaya* 5(1):40-52.

Nuraisyah, Fitri, and Hudaidah Hudaidah. 2021. "Mitoni Sebagai Tradisi Budaya Dalam Masyarakat Jawa." *Historia Madania: Jurnal Ilmu Sejarah* 5(2):170-80. doi: 10.15575/hm.v5i2.15080.

Poncowati, A. 2015. "Tradisi Manganan Ing Desa Janjang Kecamatan Jiken Kabupaten Blora (Wujud, Makna, Fungsi, Lan Owah Gingsir Budaya)." *Jurnal Online Baradha* 3(2):13.

Pranoto, Damianus Suryo. 2024. "Menyelami Makna Dan Filosofis Budaya Tumpeng Sebagai Simbol Identitas Kearifan Lokal Bagi Masyarakat." *Advances In Social Humanities Research* 2(3):415-26. doi: 10.46799/adv.v2i3.209.

Rijali, Ahmad. 2019. "Analisis Data Kualitatif." *Alhadharah: Jurnal Ilmu Dakwah* 17(33):81. doi: 10.18592/alhadharah.v17i33.2374.

Rofiq, Ainur. 2015. "Analisis Buku Teks Muatan Tematik Integratif, Scientific Approach, Dan Authentic Assessment Sekolah Dasar." *Jurnal Kependidikan: Penelitian Inovasi Pembelajaran* 45(1):109685. doi: 10.21831/jk.v45i1.7181.

Septianingrum, D. M. 2015. "Tradisi Purnama Sidi Ing Kabupaten Ponorogo (Tintingan Wujud , Makna , Piguna , Lan Owah Gingsir Kabudayan)."

Setyawan, Bagus Wahyu. 2024. "HARI KELAHIRAN DAN KEMATIAN DI KABUPATEN BLITAR Octa Dwi Rohmatul Isro ' Ah , Bagus Wahyu Setyawan." 77-81.

Shania, Syafrida Marsha Nuris. 2019. "Haul Mbah Abu Dzarrin Di Desa Kedawung Kulon, Kecamatan Grati, Kabupaten Pasuruan." *Paradigma* 5(1):1-22.

Sholihat, Endang. 2013. "Apakah Pisuhan Selalu Bermakna Negatif ? Fungsi Pisuhan Dalam Masyarakat Arek Dan Masyarakat Mataraman (Are Swear Words Always Perceived Negatively?: The Function of Swearing in Arek Society and Mataraman Society)." *Mozaik* 13(2):158-67.

Sulung, Undari, and Mohamad Muspawi. 2024. "Memahami Sumber Data Penelitian : Primer, Sekunder, Dan Tersier." *Jurnal Edu Research: Indonesian Institute For Corporate Learning And Studies (IICLS)* 5(2):28-33.

Sutriani, Elma, and Rika Octaviani. 2019. "Analisis Data Dan Pengecekan Keabsahan Data." *INA-Rxiv* 1-22.

Yulita, Maulai. 2016. "Komparasi Tradisi Ing Pesareyan Dewi Sekardadu Dhusun Gondang, Kabupaten Lamongan Lan Dhusun Ketingan, Kabupaten Sidoarjo." (1).